# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

देस में सात फेरा में हो रहल लोकसभा चुनाव के पहिला फेरा क अधिसूचना आजु जारी हो गइलि। पछिला लोकसभा चुनाव के तरियन येहू बेरि प्रदेस में चुनाव क सुरूआति पच्छिमी उत्तर प्रदेस से हो रहलि हौ। पहिला फेरा में लोकसभा क आठ सीटि–सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत बदे चुनाव होई। येह सज्जो सीटिनि पर नामांकन बदे आजु सम्बन्धित जिला मुख्यालय पर परचा मिलल सुरू हो गइल हौ। सज्जो नामांकन वाले जगहिनि पर सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल हौ। ओन्इस अपरैल के येह सीटिनि बदे ओट डारल जाई। पहिला फेरा क आठ लोकसभा क्षेत्र में एक दसमलव चारि तीनि करोड़ मतदाता हवें। एहमें छिहत्तर दसमलव दुइ तीनि लाख पुरूस, अड़सठ दसमलव एक चारि लाख महिला अउर आठ सौ चउबीस थर्ड जेंडर सामिल हवें।

**********

लोकसभा चुनाव में ढेरि से ढेरि मतदान करावे बदे प्रदेस भर में कई गो जागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कइल जा रहल हौ। येह दौरान लोगिन के मतदान क महातम बतवले के सथहीं ओट डरले क अपीलो कइल जा रहल हौ। जौनपुर में आजु कत्तूपुर तिराहा से सिद्दीकीपुर खेल स्टेडियम के बिच्चे रन फॉर वोट मिनी मैराथन में महिला अउर पुरूस खेलाड़ी हिस्सा लिहलें। येह दौरान लोगिन के ओट डरले क सपथ दियावल गइल। यही क्रम में अमरोहा क जेएस हिन्दू पीजी कॉलेज में मेरा पहला वोट देस के लिये कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। कार्यक्रम के दौरान पहिली बेरि ओटर बने वाले विद्यार्थियन के ओट डारे बदे सपथ दियावल गइल। भदोहियो जिला के कई गांवन में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल।

**********

भगवान रामलला क प्राण प्रतिस्ठा के बाद आजु राम नगरी अजोध्या के मंदिरन में रंगभरी एकादसी उछहा के साथे मनावल गइल। एकरे सथहीं अवधपुर में पांच सौ बरिस के इंतिजार के बाद भव्य अउर दिव्य होली क महापरब क सुरूआति हो गइल। येह मौका पर राम नगरी अजोध्या के छौ हजार से बेसी मंदिरन के गर्भगृह में विराजमान भगवान क बिग्रह के तड़के से सजवले के सथहीं आरती कइ के गुलाल लगावल गइल।

ओहर, रंगभरी एकादसी के मौका पर बनारस के काशी विश्वनाथ मंदिर में ढेरि संख्या में सरधालु पहुंचि के बाबा विश्वनाथ क चल प्रतिमा के साथे होली खेललें। मान्यता हौ कि एकरे सथहीं काशी में होली क सुरूआति हो जाले। येही मौका पर डमरू दल की ओरि से आकरसक डमरू बजा के वातावरण के उल्लासमय बना दीहल गइल। दुपहरिया बाद कॉरिडोर के मंदिर चौक में शास्त्रीय संगीत क महसूर कलाकारन की ओरि से आकरसक प्रस्तुति दीहल गइल, जेहके मंदिर ट्रस्ट के फेसबुक अउर यू–ट्यूब पर सोझे देखल गइल। येही क्रम में धर्म नगरी वृंदावन में बसंत पंचमी से बरसि रहल होली क आनंद रंगभरी एकादसी अपने चरम पर देखाई दिहलस, जहवां प्रमुख मंदिरन में होली खेले अउर वृंदावन क पंचकोसी पैकरमा बदे सरधालुअन क सैलाब उमड़ि परल।

**********

विस्व गौरइया दिवस पर आजु प्रदेस भर में लोगिन के गौरइया के संरक्षण बदे कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल गइल।

बनारस के ककरमत्ता निवासी अतुल पाण्डेय की ओरि से गौरइया के बचवले क मुहिम चलावल जा रहल हौ। एहमें ऊ बर्थडे, बियाह समारोह चाहे परिवार में केहू क मउति भइले पर परिजनन के लकड़ी क बनल घोसला अउर बरतन बांटे लें। सथहीं ई अपीलि कइल जाले के ऊ गौरइया के बचावे बदे जागरूक होखें। कुशीनगर में वन विभाग की ओरि से चलावल जा रहल जागरूकता कार्यक्रम के चलते जिला में गौरइया के संख्या में बढ़ोत्तरी भइल हवे।

**********

प्रदेस के कई जिलन में अचक्के गरज–चमकि के बाद सुरू भइल बरखा से मौसम बदलि गइल हौ, जेहसे एक ओरि जहवां लोगिन के दिन में गरमी से राहति मिलल हौ ओहीं किसान चिन्तित हो गइल हवें। आजु भिन्नहियें से गोरखपुर, देवरिया, कुशीनगर, आजमगढ़ अउर मऊ के सथहीं कई जिलन में आसमान में बदरी छवले हवे। कई जिलन में भिन्नहियें से रूकि–रूकि के हो रहल बरखा से आम लोगिन क कामकाज परभावित भइल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से सोनभद्र, मिर्जापुर, चन्दौली, वाराणसी, गाजीपुर, जौनपुर, बलिया, आजमगढ़, मऊ अउर देवरिया में बादर गरजले के सथहीं आकासीय बिजली गिरले अउर तीस से चालीस किलोमीटर प्रतिघंटा के रफ्तार से बेयारि चलले क अनेसा जतावल गइल हौ।

**********

बदायूं में दुइ लइकन क हत्या के मामिला में आजु पुलिस दुन्नो सव क पोस्टमार्टम करवलसि। अउर एकरे बाद सव के अन्तिम संस्कार बदे परिजनन के सउंपि दिहल गइल। ओहर विश्व हिन्दू परिषद अउर बजरंगदल क कार्यकरता लोगि अउरियो आरोपियन के गिरफ्तारी बदे एसएसपी के ज्ञापन सउंपलें। एक दिन पहिले एगो सिरफिरा अपने पड़ोस क दुइ लइकन क उस्तरा से गटई काटि के हत्या कइ दिहल रहल। मुठभेड़ में पुलिस एक आरोपी के मारि गिरवलसि। बाकी आरोपियन के पकड़े बदे पुलिस की ओरि से कार्रवाई कइल जा रहल हौ।

**********